Laaj naa Aysatu, ne ko: ci lan la Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc daan tàmbalee bu daan dugg këram? Mu ne: ci socc

Jële nañu ci Surayh ibn Haanii mu wax ne: Laaj naa Aysatu, ne ko: ci lan la Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc daan tàmbalee bu daan dugg këram? Mu ne: ci socc.

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Bokk na ci njubug Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc muy tàmbalee ci socc bu daan dugg këram, ci waxtu wu mu man a doon guddi walla bëccëg.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/3652